

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

# ISTWA ETAZINI AK GOUVÈNMAN

**Madi**, 19 jen 2007 — 1:15 pou 4:15 p.m., sèlman

Non Elèv la\_\_\_\_\_

Non Lekòl la\_\_\_\_\_

Ekri non ou ak non lekòl ou nan liy anlè yo ak lèt enprime. Apre, ale nan dènye paj livrè sa a, se fèy repons pou Pati I an. Pliye dènye paj la sou pèforasyon yo e, dousman e ak atansyon, detache fèy repons lan. Apre sa ranpli tèt fèy repons ou an. Kounye a, mete non ou ak non lekòl ou nan tèt chak paj nan livrè pou redaksyon an.

Tès sa a gen twa pati. Fòk ou reponn tout kesyon nan **tout** pati yo. Itilize plim nwa osnon ble maren pou ekri repons ou yo.

**Pati I** genyen 50 kesyon ak chwa miltip. Enrejistre repons kesyon sa yo nan papye repons lan.

**Pati II** genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou yon sijè. Ekri repons kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse ak paj 1.

**Pati III** baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** genyen dokiman yo. Chak dokiman gen youn ou plis kesyon apre li. Nan livrè tès la, ekri repons ou genyen pou chak kesyon sou liy ki apre kesyon an. Fòk ou si ke ou ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj seksyon sa a.

**Pati III B** genyen yon kesyon redasyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè ou fini ak ekzamen an, fòk ou siyen deklarasyon ki nan fèy repons Pati I an, ki vle di ke ou pat gen okenn konesans kesyon oubyen repons yo anvan ekzamen an, epi ou pa ni bay ni pran poul pandan tès la. Yo pap ka aksepte fèy repons lan si ou pa siyen deklarasyon an.

Li sevèman entèdi pou ou itilize aparèy komunikasyon pandan ekzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, ekzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEWVA SIYAL LA POU OUVRI L.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon nan pati sa a.

*Eksplikasyon (1–50): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe a, *nimewo* mo oubyen ekspresyon, nan tout sa yo bay yo, ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.*

- 1 Nan bwochi *Bon Sans* la, Thomas Paine te mande kolonis Ameriken yo pou
  - (1) anpeche Franse yo kolonize Amerik Dinò
  - (2) fè konpwomi ak Angle yo
  - (3) reafimen lwayote yo gen pou Wa George III
  - (4) deklare endepandans yo de GrannBretay
- 2 Rezon prensipal ki fè yo te òganize Konvansyon Konstitisyonèl 1787 la se te pou
  - (1) fini ak esklavaj nan Nò ak nan Sid
  - (2) mete taks sou enpòtasyon yo ak ekspòtasyon yo
  - (3) revize Atik Konfederasyon yo
  - (4) redwi pouwwa gouvènman federal la
- 3 Ki lide Premye Fondatè yo te mete nan Konstitisyon an ki pèmèt Kongrè a satisfè bezwen yon sosyete ki ap chanje?
  - (1) federalis
  - (2) separasyon pouwwa
  - (3) kloz elastik la
  - (4) dwa Eta yo
- 4 Rezon prensipal Antifederalis yo te kont ratifikasyon Konstitisyon an se te paske yo te kwè
  - (1) amande konstitisyon an te twò fasil
  - (2) yo te bay eta yo twòp pouwwa
  - (3) yon sistèm tribunal federal tap twò fèb
  - (4) dwa endividyèl yo pat byen pwoteje
- 5 Ki pouwwa yo te delege bay gouvènman federal la nan Konstitisyon Etazini a?
  - (1) etabli yon reliyion ofisyèl
  - (2) kontwole komès ant eta yo
  - (3) kontwole maryaj ak divòs
  - (4) bay tit noblès

Sèvi ak deklarasyon ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 6 ak 7 yo.

... Privilèj Lòd Habeas Corpus la pa dwe sispann amwenske nan Ka Rebelyon oswa Envazyon Sekirite piblik la kapab mande sa. . .

— Article I, Seksyon 9, Atik 2, Konstitisyon Etazini

- 6 Atik konstitisyon sa a eksprime lide
  - (1) libète sivil yo pa absoli
  - (2) revolisyon esansyèl pou demokrasi
  - (3) defans nasyonal mwens enpòtan pase dwa endividyèl
  - (4) libète laprès garanti
- 7 Pandan ki lagè prezidan an te sispann lòd pou habeas corpus la?
  - (1) Gè Revolisyonè
  - (2) Gè 1812
  - (3) Gè Meksiken
  - (4) Gè Sivil
- 8 Ki tit ki pi ale ak deskripsyon an pati ki anba a?

I. _____	A. Pati politik yo	B. Sistèm komite nan Kongrè
	C. Revizyon Jidisyè	D. Kabinè Prezidan


  - (1) Konstitisyon ki pa ekri
  - (2) Amannman Konstitisyonèl yo
  - (3) Pwosedi Elektoral
  - (4) Kontwòl ak Ekilib

- 9 • Gouvènman Etazini takse gazolin.  
 • Lwa Eta New York mande yon taks sou anpil machandiz.
- De deklarasyon sa yo pi byen montre prensip  
 (1) pouvwa konkiran  
 (2) dwa pwopriyete  
 (3) pouvwa rezève  
 (4) souvrènte popilè
- 10 Ki deklarasyon sou Lachanm Reprezantan Etazini ki vre?  
 (1) Lejislati eta yo chwazi reprezantan yo.  
 (2) Konstitisyon an pèmèt chak eta gen de reprezantan.  
 (3) Kantite reprezantan nan chak eta baze sou popilasyon li.  
 (4) Pati politik prezidan an toujou gen yon majorite chèz nan Lachanm nan.
- 11 Gwooup presyon yo tankou Asosyasyon Fizi Nasyonal la (NRA) ak Asosyasyon Edikasyon Nasyonal (NEA) la ka enfliyanse desizyon gouvènman an paske yo  
 (1) chwazi dirijan Kongrè yo dirèkteman  
 (2) travay pou eli lejislatè ki sipòte opinyon yo  
 (3) peye salè ofisyèl yo eli yo  
 (4) vin manm twazyèm pati politik
- 12 Sistèm rivyè Misisipi a te yon resous enpòtan pandan premye mwatye ane 1800 yo paske yo te itilize li pou  
 (1) irige tè ki gen dezè yo  
 (2) transpòte pwodwi agrikòl yo nan mache  
 (3) mennen imigran yo nan Nòdès la  
 (4) pwodwi enèji idwoelektrik
- 13 Pwoklamasyon Netralité Washington (1793), Lwa Anbagò Jefferson (1807), ak Doktrin Monroe a (1823) tout te yon jefò pou  
 (1) evite konfli politik ak nasyon Ewopeyen yo  
 (2) sipòte dirèkteman revolisyón Ewopeyen yo  
 (3) ede Grannbretay nan lagè li kont Lafrans  
 (4) fè pwomosyon pou alyans militè
- 14 Sou kontwòl Chèf jistis John Marshall (1801-1835), Lakou Siprèm Etazini a te pran desizyon  
 (1) deklare lwa segregasyon rasyal yo pa konstitisyonèl  
 (2) bay eta yo pouwwa pou takse Labank Etazini yo  
 (3) ogmante abilte Kongrè a pou limite pouwwa prezidan an  
 (4) tabli sipremasi lwa federal yo sou lwa eta yo
- 15 Kisa ki te yon rezon prensipal ki fè esklavaj te simaye nan Sid nan premye mwatye ane 1800 yo?  
 (1) Règleman gouvènman federal yo te an favè ekspòtasyon nan Sid yo.  
 (2) Nouvo envansyon yo te mennen yon ogmantasyon nan pwodiksyon koton.  
 (3) Laplipa premye faktori twal yo te konstwi nan Sid.  
 (4) Gouvènman federall a te ankouraje enpòtasyon moun ki nan esklavaj.
- 16 Prezidan Andrew Jackson te itilize sistèm koripsyon an pou  
 (1) refize lwa li pat renmen yo  
 (2) ranfòse desizyon Lakou Siprèm yo  
 (3) deplase Ameriken Endyen Natif Natal yo sou tè tradisyonèl yo  
 (4) bay sipòtè pati politik yo travay
- 17 Slogan “senkann kat karant oswa goumen!” aneksasyon Texas, ak Gè Meksiken an, tout gen rapò ak  
 (1) teyori nilifikasyon  
 (2) pratik sesesyon  
 (3) kwayans nan Desten Manifès  
 (4) lide bon jijman an

- 18 Lwa Homestead la (1862) eseye fè pwomosyon pou devlopman tè nan lwès yo lè li
- (1) kreye yon sistèm baraj pou irigasyon rekòt
  - (2) bay kolon yo tè gratis
  - (3) retire tout restriksyon sou imigrasyon
  - (4) mete Ameriken Endyen Natif Natal yo nan rezèv yo
- 19 Ki de karateristik jeografik ki te plis enflyanse politik etranje Etazini pandan tout 19vyèm syèk la?
- (1) Oseyan Atlantik ak Oseyan Pasifik
  - (2) Gòlf Meksik ak Rivyè Missouri
  - (3) Great Lakes ak Rivyè Hudson
  - (4) Montay Appalachian yo ak Montay Rocky yo
- 20 Nan dezyèm mwatye ane 1800 yo, gouvènman federal la te ankouraje konstriksyon ray tren transkontinantal lè yo
- (1) bay konpayi ray tren yo tè
  - (2) achte gran kantite bon ray tren
  - (3) fose prizonye yo travay kòn ouvriye
  - (4) pran kontwòl fon ray tren yo
- 21 Ki aksyon ki te make lafen Rekonstriksyon nan Etazini?
- (1) ratifikasyon 14zyèm amannman an
  - (2) retrè twoup federal yo nan Sid
  - (3) kreyasyon Biwo Freedmen la
  - (4) Destitisyon Prezidan Andrew Johnson
- 22 Pandan fen ane 1800 yo, ki gwooup ki te pi sipòte ak fòs yon politik imigrasyon louvri?
- (1) konsèvasyonis yo
  - (2) nativis yo
  - (3) pwopriyetè faktori yo
  - (4) fèmye nan sid yo
- 23 Kisa ki te yon objektif prensipal Lwa Dawes la (1887)?
- (1) pou kreye yon sistèm lwa tribal pou gouvène tout rezèv yo
  - (2) pou retire Chewoki yo nan sidès Etazini
  - (3) pou ranfose inite tribi Ameriken Endyen Natif Natal yo
  - (4) pou ankouraje asimilasyon Ameriken Endyen Natif Natal yo
- 24 Yo te souvan itilize Teyori Dawinis Sosyal la pou jistifye
- (1) kreyasyon Ku Klux Klan
  - (2) fòmasyon monopoli komès
  - (3) grèv sendika travayè yo ap fè
  - (4) pasaj lwa antitrust la
- 25 Taks sou revni nasyonal, fè pyès monnen ki fèt ak ajan lib epi san limit, epi elekson dirèk senatè yo te pwopozisyon ki te nan
- (1) Deklarasyon Santiman yo
  - (2) Plan Repiblikan pou Rekonstriksyon
  - (3) Platfòm Pati Popilis
  - (4) Sistèm Rezèv Federal
- 26 Anvan yo antre nan Premyè Gè Mondyal la, Etazini te pwoteste kont Lalmay ki te itilize lagè anba dlo prensipalman paske li
- (1) te vyole Doktrin Monroe a
  - (2) te dekoraje imigrasyon Etazini
  - (3) te poze yon menas dirèk pou vil Amiken yo
  - (4) te vyole prensip libète lamè yo
- 27 Kisa ki te rezon prensipal gran migrasyon Ameriken Nwa yo nan vil nan nò yo pandan premye Gè Mondyal la?
- (1) Opòtinite travay te disponib nan faktori nan nò yo.
  - (2) Yo te anile Lwa Jim Crow yo nan Sid.
  - (3) Yo te pase lwa dwa pou vote nan eta nan nò yo.
  - (4) Gouvènman federal la te garanti yon fen nan diskriminasyon.
- 28 Ki karateristik ane 1920 yo pwosè Sacco ak Vanzetti a te montre ?
- (1) ostilite vizavi sifraj fanm
  - (2) sipò pou segregasyon
  - (3) opozisyon a separasyon legliz ak leta
  - (4) entolerans vizavi imigran yo

Sèvi ak kat anba epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 29 ak 30 yo.

### Teritwa ak Afèmaj Etazini yo, 1857–1903



Sous: Maps.com (adapte)


- 29 Objektif prensipal kat sa a se pou montre
- sous resous natirèl enpòtan yo
  - devlopman enperyalis Etazini
  - kwasans komès esklavaj Atlantik la
  - rezulta Lagè Espanyòl-Ameriken an

- 30 Konklizyon enfòmasyon ki sou kat la pi byen sipòte se konstriksyon Kanal Panama te motive pa volonte Etazini pou
- ogmante nivo vi moun nan Amerik Latin nan
  - ogmante mobilite naval epi etann mache yo nan lòt peyi yo
  - amelyore relasyon yo ak nasyon Amerik Latin ak Peyi Azi yo
  - kenbe yon politik sekirite kolektif

- 31 Politik nasyonal Entèdiksyon an fini lè eta yo
- (1) te ranfòse lwa yo sou manje ak medikaman
  - (2) te legalize alkòl pou bezwen medikal
  - (3) te ratifye 21yèm amanmman an
  - (4) te entèdi yo voye bwason alkolize ant eta yo

Sèvi ak ti komik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 32 an.

### Cheval Trojan an nan Baryè Nou



Sous: Carey Orr, *The Chicago Tribune*, September 17, 1935 (adapte)

- 32 Lide prensipal ti komik la se New Deal la
- (1) menase Konstitisyon an ak pèp Ameriken an
  - (2) menase sistèm politik de pati a
  - (3) bay sitwayen Ameriken yo plis libète politik
  - (4) bay pwoteksyon kont tirani etrane
- 

- 33 Politik Bon Vwazinaj Prezidan Franklin D. Roosevelt te mete sou plas la se te prensipalman pou
- (1) redwi konfli fwontyè yo ak Kanada
  - (2) ogmante akseptasyon minorite yo nan Etazini
  - (3) ankouraje Lalmay ak Inyon Sovyetik pou rezoud diferans yo
  - (4) amelyore relasyon yo ak Amerik Latin

- 34 Yon rezulta New Deal Prezidan Franklin D. Roosevelt la se te li
- (1) te ogmante dèt nasyonal la
  - (2) te febli sendika travayè yo
  - (3) te deregularize mache aksyon an
  - (4) te anile lwa antitrus federal yo

Sèvi ak foto ki amba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 35 la.



Sous: Library of Congress (adapte)

- 35 Objektif prensipal koupon Dezyèm Gè Mondyal yo montre nan foto sa a se te pou
- (1) chwazi gason pou lame
  - (2) konsève machandiz esansyèl yo pou utilizasyon militè
  - (3) ankouraje ogmantasyon pwodiksyon byen pou konsomatè
  - (4) peye kontraktè defans yo pou zouti militè
-

- 36 Nan ki de kalite evenman dezyèm evenman an se yon repons a premye a?
- (1) Doktrin Truman → Envason D-Day
  - (2) Pwojè Manhattan → Lwa Prete-Anfèmen an
  - (3) Olokos → Jijman Krim Lagè Nuremberg yo
  - (4) Envazon Lapolòy pa Lalmay → Konferans Munich
- 37 Politik etranje Etazini an te chanje apre Dezyèm Gè Mondyal la pandan Etazini
- (1) te vin patisipe plis nan zafè lemonn
  - (2) te retounen nan yon politik izolasyonis
  - (3) te voye jete pwopozisyon pou li vin yon manm nan Nasyonzini
  - (4) te pouswiv yon politik apezman vizavi Inyon Sovyetik
- 38 Lòd Prezidan Harry Truman ki mande kontwòl lwayote ak odisyon nan Sena a Joseph McCarthy te dirije a toude se te pou reponn a
- (1) depans eksesif fòs lame yo apre Dezyèm Gè Mondyal la
  - (2) diskriminasyon rasyal kont Ameriken Nwa yo
  - (3) laperèz yon enfliyans komininis nan gouvènman
  - (4) kriminèl yo konnen ki kontwole sendika travay yo
- 39 Kòm rezulta Lwa 1956 sou Otowout Ant Eta yo, Etazini vin fè eksperyans
- (1) ogmantasyon kwasans popilasyon andeyò vil yo
  - (2) eliminasyon pwogram renouvelman iben
  - (3) mwens polisyon lè ki soti nan machin a motè
  - (4) yon rediksyon depandans Etazini sou lwil etranje
- 40 Desizyon Lakou Siprèm nan ka *Gideon v. Wainwright* (1963) ak *Miranda v. Arizona* (1966) lakòz gen
- (1) yon ogmantasyon nan pouvwa lapolis pou jwenn prèv
  - (2) yon klarifikasiyon nan règleman ki gen pou wè ak pinisyon ki di epi ki pa komen
  - (3) yon limitasyon dwa yon sitwayen pou li gen yon avoka
  - (4) yon ekspansyon dwa pou moun yo akize ki fè krim
- 41 Yon konsekans prensipal eskandal Watergate la nan ane 1970 yo se te li
- (1) te mennen anbagó lwil Arab la
  - (2) te redwi konfyans moun te gen nan gouvènman
  - (3) te lakòz tèm limit pou ofisyèl yo eli yo
  - (4) te ogmante pouvwa prezidansyèl
- 42 Nan Akò Camp David yo (1978), Prezidan Jimmy Carter te gen siksè nan
- (1) retounen Zòn Kanal Panama a bay Panama
  - (2) sispann lavant gress bay Inyon Sovyetik ak Lachin
  - (3) kreye yon fondasyon pou yon trete lapè ant Lejip ak Izrayèl
  - (4) libere moun yo kenbe an otaj an Iran
- 43 Ki evennman ki pi asosye ak fen Lagè Fwad la?
- (1) adopsyon Akò Lib Echanj Amerik Dinò a (NAFTA)
  - (2) etablisman yon politik detant ak Inyon Sovyetik
  - (3) envazon Afganistan pa Inyon Sovyetik
  - (4) chit Mi Bèlen an
- 44 Ki evenman ki te mennen twa lòt yo?
- (1) Etazini ranvèse Taliban nan Afganistan
  - (2) adopsyon Lwa Patriot la
  - (3) Atak teworis 11 septanm 2001 an kont Etazini
  - (4) kreyasyon Depatman Sekirite Tè Peyi a
- 45 Aksyon kimoun ki te pi asosye ak mouvman abolisyonis la?
- (1) *The Liberator* William Lloyd Garrison te pibliye
  - (2) Angajman Booker T. Washinton a edikasyon Ameriken Nwa
  - (3) Deba Thurgood Marshall nan ka *Brown kont Depatman Edikasyon nan Topeka*
  - (4) Lidèchip Martin Luther King, Jr. nan Mach Birmingham nan

46 “Ni esklavaj, ni sèvitid enveloptè, sòf si se kòm yon pinisyon pou krim kote yo jwenn moun nan koupab, pa dwe egziste nan Etazini, oswa nan okenn kote ki sou jiriskdisyon Etazini.”

Deklarasyon sa a se yon pati nan

- (1) Konpwomi Missouri
- (2) Lwa Kansas-Nebraska
- (3) Desizyon Dred Scott
- (4) 13yèm amannman Konstitisyon an

Sèvi ak mo nan chante ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 47 la.

### **Frè, Èske w Ka Charite Mwen Dis Santim?**

... Yon fwa mwen te konstwi yon edifis, dwat nan solèy la, ak brik ak klou ak lacho.

Yon fwa mwen te kontwi yon tou, kounye an li fini--  
Frè, èske w ka charite mwen dis santim? . . .

— E. Y. Harburg and J. Gorney

47 Mo chante sa a pi anrapò ak

- (1) ekriven Harlem Renesans yo
- (2) chomaj pandan Gwo Depresyon an
- (3) Generasyon Pèdi a apre Premye Gè Mondyal la
- (4) ekspansyon komès pandan ane 1950 yo

48 Ki pè evenman ki montre yon relasyon kòrèk kòz ak konsekans?

- (1) separasyon Kawolin disid → eleksyon Abraham Lincoln
- (2) Etazini antre nan Lagè Espanyòl-Ameriken an → USS *Maine* koule
- (3) adopsyon Lwa Enpeksyon Vyann → Piblikasyon *The Jungle*
- (4) Sovyèt lanse *Sputnik* → Etazini voye astwonòt nan lalin

49 Plan Marshall la (1948) ak kriz misil Kibon an (1962) te pi asosye ak

- (1) etablisman Kò Lapè a
- (2) kreyasyon Alyans pou Pwogrè a
- (3) Relasyon Etazini ak Sovyet yo pandan Lagè Fwad la
- (4) yon ogmantasyon nan echanj ant Etazini ak Kiba

50 Ki pwogram gouvnman federal esperans vi pi long moun nan Etazini te pi afekte?

- (1) Medicare
- (2) Lwa pou Ameriken ak Enfimite
- (3) Lagè kont Povrete
- (4) Lwa Okenn Timoun Pa Dwe Rete Dèyè

## **Repons pou kesyon disètasyon yo sipoze ekri nan ti liv disètasyon apa a.**

**Nan developman repons ou pou Pati II a, fòk ou panse a definisyon jeneral sa yo:**

- (a) **esplike** vle di “rann li senp oubyen konpreansib; pou bay rezon yo oubyen kòz yo; pou montre developman lojik oubyen relasyon ak;”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak deba; prezante ak kèk detay”

### **Pati II**

#### **KESYON DISÈTASYON TEMATIK**

*Eksplikasyon:* Ekri yon disètasyon byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale de sa pou fè pi ba a, ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Chanjman — Endistriyalizasyon**

Pandan 19yèm syèk la, Etazini te eksperyanse yon gwo kwasans endistriyèl. Kwasans endistriyèl sa a fè vin gen anpil chanjman nan vi Ameriken.

#### **Sa pou fè:**

Identife **de** chanjman nan vi Ameriken ki se rezulta kwasans endistryiyèl nan Etazini lakòz epi pou **chak** chanjman

- Eksplike kouman endistriyalizasyon kontribye nan chanjman sa a
- Diskite *yon* rezulta pozitif **oswa** *yon* rezulta negatif chanjman sa a gen sou vi Ameriken

Ou ka itilize nenpòt chanjman nan vi Ameriken ki apwopriye ki fèt akoz de kwasans endistriyèl la. Kèk sijesyon ou ka vle itilize se ogmantasyon imigrasyon, nouvo envansyon oswa teknoloji, kwasans sendika travayè, kwasans monopol, kwasans mouvman refòm, ak ogmantasyon ibanizasyon.

#### **Ou pa bezwen limite w a sijesyon sa yo sèlman.**

#### **Gid:**

##### **Nan disètasyon ou a, asire w pou:**

- Devlope tout aspè nan travay la
- Sipòte tèm nan ak reyalite, ekzanp, ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki gen yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki plis pase yon repetisyon tèm nan

Nan developman repons ou yo pou Pati III a, asire pou panse a definisyon jeneral sa yo:

**diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezònman, ak deba; prezante ak kèk detay”**

### Pati III

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki akonpaye li yo. Yo fè li pou teste kapasite ou pou travay ak dokiman istorik. Yo te koriye kèk nan dokiman yo pou nesesite kesyon an. Pandan w ap analize dokiman yo, konsidere sous chak dokiman ak nenpòt opinyon yo kapab bay nan dokiman an.

#### Kontèks Istorik:

Mouvman sifraj famn nan ane 1800 yo ak nan kòmansman ane 1900 yo ak mouvman dwa sivil ane 1950 ak 1960 yo te gen anpil objektif ki sanblab epi yo te itilize mwayen sanblab pou rive nan objektif sa yo. Anmenm tan mouvman sa yo tou te gen anpil objektif diferan epi yo te itilize diferan mwayen pou rive nan objektif sa yo.

**Sa pou fè:** Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vin apre chak dokiman nan Pati A a. Repons ou yo ap ede w ekri Pati B disètasyon an, kote y ap mande w pou

- Diskite resanblans **ak/oubyen** diferans ant mouvman sifraj famn nan ane 1800 yo ak nan kòmansman ane 1900 yo ak mouvman dwa sivil nan ane 1950 ak 1960 yo nan lide
  - objektif mouvman sa yo **ak**
  - mwayen yo te itilize pou rive nan objektif sa yo

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Eksplikasyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

5 novanm, 1872, Susan B. Anthony, ansanm ak sèz lòt fanm, ale nan biwo vòt ki nan zòn yo nan Rochester pou vote nan eleksyon jeneral la. Yo te arete li epi li fè deklarasyon sa a nan pwosè li a. Nan pwosè a, yo te jwenn li koupab epi yo te fè li peye yon amann.

... Miss Anthony. [ap pale] — Pèmèt mwen jij, mwen pap janm peye yon dola nan penalite ou a ki pa jis. Tout aksyon mwen posede nan mache a se yon dét \$10,000, mwen vin genyen lè mwen pibliye jounal mwen an ki rele—The Revolution—ki te gen yon sèl objektif edike tout fanm pou yo fè egzakteman sa mwen fè a, ki se revolte kont tout fòm lwa ki pa konstitisyonèl, lòm fè ki pa jis, ki takse, fè peye amann, mete nan prizon epi pann fanm, pandan yo ap refize yo dwa yo genyen pou yo gen reprezantasyon nan gouvènman an; epi mwen pral travay ak fòs pou mwen peye chak gress dola nan dét onèt sa a, men pa yon santim dwe ale pou amann ki pa jis sa a. Epi mwen pral kontinye ak fèmte epi pèsistans ankouraje tout fanm pou rekonèt pratik ansyen maksim Revolisyonè a “Reziste tirani se obeyi Bondye.”...

Sous: Ida Husted Harper, *The Life and Work of Susan B. Anthony*, Vol. I, The Hollenbeck Press, 1898

- 1 Dapre Susan B. Anthony, poukisa li te refize peye amann lan? [1]

---

---

Score

*Machin Sifrajèt yo*  
Ap fèt nan tout eta yo

## **Anba Lalwa Madan Catt**

**Kanpay Vòt yo pou Fanm yo ap  
Mache Kounye a avèk Tout Mwayen Gason  
Politisyen ki gen Eksperyans yo**

. . . Yon konpayi piblikasyon sifraj, ki te gen kòm premye Prezidan li Madan Cyrus W. Field, epi kounye a ki gen kòm Prezidan Madmwazèl Esther Ogden, se youn nan èd enpòtan travay Asosyasyon Nasyonal Sifraj Ameriken an. Li tèlman gen siksè kòm yon pwopozisyon komès nan mwa Janyye ane sa a, apre de lane travay, li deklare yon dividann 3 poustan. Konpayi enprimri sa a fè fèy piblisite, bwochi, liv, pankat ak kat sifraj yo. Pou chans, li fè, kòm yon adisyon a travay pwopagann la, kat pou jwe, papye pou fè lèt ki gen “Vòt yo pou Fanm yo” ki enprime sou li, almanak, kat dine, ak kat postal; parasòl tou [etc.], pou yo itilize nan parad yo. Ane pase konpayi sa a fè 5,000,000 fèy piblisité. . . .

Sous: *New York Times*, April 29, 1917

- 2 Selon atik New York Times la, kisa ki te **yon** fason Asosyasyon Nasyonal Sifraj Ameriken an te anplwaye pou atire atansyon sou kòz li? [1]

---

Score

Dokiman 3a

Parad Sifrajèt yo, c. 1913



Sous: Library of Congress

Fanm  
Wisconsin  
te gen  
Lekòl Sifraj  
Depi 1900

Fanm nan  
Konektikèt  
Te Gen  
Lekòl Sifraj  
Depi 1893

Nan Tout Men  
Eksepte  
nan 4 Eta  
Fanm gen  
Kèk Sifraj

Manifestan devan  
Mezon Blanch, 1917



Sous: Miles Harvey, *Women's Voting Rights*, Children's Press

3a Kisa ki te yon objektif fanm yo montre nan foto sa yo? [1]

---



---

Score

b Jan yo montre li nan foto sa yo, kisa ki te **yon** metòd fanm yo te itilize pou rive nan objektif yo? [1]

---



---

## Dokiman 4

### **Douz Rezon pou Kisa Fanm Dwe Vote**

1. PASKE sa ki obeyi lalwa yo dwe ede chwazi moun ki fè lwa yo.
2. PASKE lwa yo afekte fanm menm jan ak gason.
3. PASKE lwa ki afekte FANM yo adopte kounye a san yo pa kons ilte ak yo.
4. PASKE lwa ki afekte TIMOUN yo dwe gen opinyon fanm kòm gason ladan yo.
5. PASKE lwa ki afekte KAY la vote nan chak sesyon lejislati a.
6. PASKE fanm yo gen eksperyans ki ka ede nan lejislati yo.
7. PASKE retire privilèj fanm pou vote se diminye pozisyon yo nan estimasyon komen an.
8. PASKE lè fanm gen dwa pou vote sa ap ogmante sans responsabilite nan mitan yo sou kesyon ki gen enpòtans piblik.
10. PASKE santèn de milye de fanm entelijan, ki panse, ki travay di vle vòt la.
11. PASKE objeksyon yo pou fanm pa gen vòt la baze sou prejidis, pa sou rezon.
12. PASKE pou rezime tout rezon an yon sèl – SE POU BYEN TOUT MOUN.

---

#### **VOTE POU SIFRAJ FANM**

BAY YON ZANMI SA A EPI MANDE LI POU VOTE POU LI

ASOSYASYON SIFRAJ FANM NAN MASACHOUSÉT

Katye jeneral: 585 Boylston St., Boston

N. W. S. Publishing Co., Inc.

Sous: Massachusetts Woman Suffrage Association

(Note: Vèsyon orijinal panflè  
sa a pat gen yon Rezon 9)

4 Dapre dokiman sa a, ki **de** agiman sifrajèt yo te itilize nan fèy piblisite 1915 sa a pou sipòte objektif yo? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 5

. . . Nan reyinyon sa yo [sou tretman Ameriken Nwa nan bis yo], nou pale non sèlman sou de fanm yo te arete, men tou sou yon kantite ensidan ki pase nan bis yo ki pa janm rive nan tribunal, san dout paske viktim yo te pasaje nwa. Anpil nan chofè blan yo te deside pou toumante moun nou yo chak fwa yo gen chans. Pa egzanp, lè bis la te yon ti jan plen, yo te fè nwa yo peye pou bis la, epi desann, epi ale nan pòt dèyè a pou monte nan bis la. Pafwa yo te memm derape rapid pandan yon pasaje ap pran tan dèyè a apre li fin peye. Omwens yon fwa yon chofè te fèmen pòt dèyè a sou bra yon fanm nwa epi te trennen li rive jis nan pwochen arè a anvan li te pèmèt li monte nan bis la. Li klè kalite malfezans initil [san nesesite] sa a te kontribye nan tansyon ki tap ogmante nan bis Montgomery yo. Nou te eseye rezone ak otorite lokal yo epi ak ofisyèl konpayi bis la. Yo te janti, yo te koute plent nou yo ak figi yo byen serye, epi yo pat fè anyen.

1 desanm 1955, Mrs. Parks te monte nan bis la sa ki vin popilè kounye a epi deklanche evenman ki vin mennen nan yon gwo kokenn chenn revolisyon sosyal. . .

Sous: Ralph David Abernathy, *And the Walls Came Tumbling Down*, Harper & Row

- 5a Dapre Ralph David Abernathy, kisa ki te yon objektif Ameriken Nwa yo nan Montgomery, Alabama? [1]
- 
- 

Score

- b Dapre Ralph David Abernathy, kisa ki te **yon** mwayen Afriken Ameriken yo te itilize pou diskite de pwoblèm yo? [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 6a

Etidyan kolèj yo fè fas ak yon gwoup advèsè nan yon kontwa manje pou “blan sèlman” nan sid nan lane 1963.



Sous: Juan Williams, *Eyes on the Prize*, Viking

## Dokiman 6b

Elèv kolèj Ameriken Nwa yo ap tann pou yo sèvi yo oswa pou yo mete yo deyò ak fòs nan yon kontwa manje “pou blan sèlman”.



Sous: Gary Nash et al., *The American People*, Pearson Longman

- 6a Dapre foto sa yo, idantifye **yon** mwayen aktivis dwa sivil sa yo te itilize pou rive nan objektif yo. [1]

---

---

Score

- b Kisa ki te **yon** objektif espesifik aktivis dwa sivil yo nan foto sa yo yo montre a? [1]

---

---

Score

## Dokiman 7

16 Avril 1963

Birmingham, Alabama

. . . Ou ka byen mande: "Pou kisa aksyon dirèk? Pou kisa leve kanpe, manifestasyon ak lòt bagay? Èske negosyasyon se pa yon pi bon chemen? Ou gen tout dwa w pou mande, negosyasyon. Sevre, sa a se verital objektif aksyon dirèk. Aksyon dirèk san vyolans chèche kreye yon kriz konsa epi kenbe yon tansyon ke yon kominate ki toutan te refize negosye oblige konfwonte pwoblèm la. Li chèche pou dramatize pwoblèm nan pou yo paka fèmen je sou li ankò. Lè mwen pale de kreye tansyon kòm yon pati nan travay moun kap reziste san vyolans la sa ka choke moun. Men mwen dwe admèt mwen pa pè mo "tansyon" an. Mwen te toujou ak senserite kont lide tansyon ak vyolans, men gen yon kalite tansyon ki konstriktif epi ki san vyolans ki nesesè pou devlopman. Menmjan Socrates te santi li te nesesè pou kreye yon tansyon nan lespri pou moun ka sòti nan esklavaj lejann ak demi verite pou vin nan domèn san limit [lib ] analiz kreyatif ak jijman objektif, nou dwe wè nesesite pou gen lidè [aktivis] san vyolans pou kreye kalite tansyon nan sosyete a ki pou ede moun sòti nan fen fon prejije ak rasis, pou yo louvri lespri yo nan konpreyansyon ak fratènité. . . .

Sous: Martin Luther King, Jr., "Letter from Birmingham Jail," 1963

- 7a Dapre Martin Luther King, Jr., Kisa ki te yon nan mwayen pou rive nan objektif mouvman dwa sivil yo? [1]

---

---

Score

- b Dapre Martin Luther King, Jr., Kisa ki te yon objektif espesifik mouvman dwa sivil la? [1]

---

---

Score

## Dokiman 8

### 200,000 MACHE POU DWA SIVIL NAN MANIFESTASYON KI FÈT NAN LÒD NAN WASHINGTON



WASHINGTON, 28 Out — Plis pase 200,000 Ameriken, pifò ladan yo nwa men anpil ladan yo blan te manifeste isit jodiya pou yon pwogram dwa sivil konplè epi rapid ak pou opòtinite travay egal.

Se te pi gwo rasanbleman pou reparasyon revandikasyon kapital sa a pokò janm wè.

Santan ak 240 jou apre Abraham Lincoln òdone esklav emansipe yo pou "evite tout vyolans" epi pou "travay di pou yon salè rezonab", gwo foul moun sa a [mas pèp] deklare nan manifestasyon epi ak nan chan ak nan diskou lidè yo, yo tap tann toujou libète ak travay yo. . . .

Sous: *New York Times*, August 29, 1963

8a Dapre atik *New York Times* sa a, ki mwayen aktivis yo te itilize pou rive nan objektif yo? [1]

---

---

Score

b Dapre atik *New York Times*, kisa ki te yon objektif espesifik aktivis sa yo? [1]


---

---

Score

## Dokiman 9

### JERICHO, U.S.A.



Sous: Herblock, *Washington Post*, March 21, 1965 (adapte)

- 9 Jan ti komik Herblock sa a montre li, kisa ki te yon objektif espesifik manifestan ki tap mache pou genyen egalite dwa yo? [1]
- 
- 

Score

## Pati B

### Disètasyon

*Eksplikasyon:* Ekri yon disètasyon ki byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, epi yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti *nan pi piti senk* dokiman nan devlopman disètasyon an. Kore repons ou ak royalite, egzanp, ak detay. Mete enfòmasyon anplis ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Mouvman sifraj famm nan ane 1800 yo ak nan kòmansman ane 1900 yo ak mouvman dwa sivil ane 1950 ak 1960 yo te gen anpil objektif sanblab epi te itilize mwayen sanblab pou rive nan objektif sa yo. An menmtan mouvman sa yo tou te gen anpil objektif diferan epi te itilize diferan mwayen pou rive nan objektif sa yo.

**Sa pou fè:** Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon disètasyon kote w ap

- Diskite resanblans ***ak/oubyen*** diferans ki gen ant mouvman sifraj famm nan ane 1800 yo ak nan kòmansman ane 1900 yo ak mouvman dwa sivil nan ane 1950 ak 1960 yo nan lide
  - objektif mouvman yo ***ak***
  - mwayen mouvman yo itilize pou rive jwenn objektif sa yo

#### Gid:

##### Nan disètasyon ou a, asire w pou:

- Devlope tout aspè sa yo mande w fè a
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti pou *pi piti nan senk* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan ak royalite, egzanp, ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon lojik ki klè; ki gen ladan l yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki plis pase yon repetisyon tèm nan





# ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

**Mardi**, 19 jan 2007 — 1:15 apremidi pou 4:15 apremidi, sèlman

## FÈY REPOSNS

Gason

G/F:  Fi

Non Elèv la .....	6.....	31 .....
Non Pwofesè a .....	8.....	33 .....
Non Lekòl la .....	9.....	34 .....
<b>Ekri repos ou yo pou Premye Pati a nan paj repos sa a, ekri repos ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repos ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.</b>	10.....	35 .....
	11.....	36 .....
	12.....	37 .....

### FOR TEACHER USE ONLY

<b>Part I Score</b>	_____	13.....	38 .....
<b>Part III A Score</b>	_____	14.....	39 .....
<b>Total Part I and III A Score</b>	<span style="border: 1px solid black; display: inline-block; width: 40px; height: 20px;"></span>	15.....	40 .....
<b>Part II Essay Score</b>	_____	16.....	41 .....
<b>Part III B Essay Score</b>	_____	17.....	42 .....
<b>Total Essay Score</b>	<span style="border: 1px solid black; display: inline-block; width: 40px; height: 20px;"></span>	18.....	43 .....
<b>Final Score (obtained from conversion chart)</b>	<span style="border: 1px solid black; display: inline-block; width: 40px; height: 20px;"></span>	19.....	44 .....
		20.....	45 .....
		21.....	46 .....
		22.....	47 .....
		23.....	48 .....
		24.....	49 .....
		25.....	50 .....

No.  
Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, nan fen egzamen sa a, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn reposns nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resewva okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

# REGENTS IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT

Detache Ia 3

Detache Ia 4